

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Piwulang

Masyarakat Jawi menika tansah ngugemi piwulang saking para leluhur jaman rumiyin. Temtunipun piwulang ingkang dipunkajengaken menika piwulang ingkang sae tumrap gesang ing bebrayan ageng. Para leluhur jaman rumiyin menika tansah paring pitutur dhateng putra wayah. Ing salebeting pitutur ngewrat piwulang ingkang sae. Piwulang menika wujudipun maneka werni, sedaya perkawis ingkang wonten gegayutan kaliyan gesangipun tiyang. Amrih ing tembe saged nuwuhaken gesang ingkang bagya mulya. Miturut Sudaryanto (2001: 829) piwulang dipuntegesi minangka wulang utawi wuruk utawi pitutur. Piwulang minangka sarana kangge nuwuhaken kapribaden ingkang sae. Pramila, piwulang wonten ing gesangipun tiyang Jawi minangka bab ingkang wigati. Kanthi wontenipun piwulang saged kangge mbedakaken perkawis ingkang sae saha perkawis ingkang awon.

Jumbuh kaliyan pamanggih ing nginggil menika bilih piwulang menika dipuntuturaken supados tiyang menika saged mbedakaken pundi perkawis ingkang sae lan awon. Amargi ing salebeting gesang bebrayan mboten saged lumintir saking perkawis. Wondene miturut miturut Hadiatmaja lan Endah (2008 : 56) ngandharaken piwulang inggih menika seratan ingkang wosipun ngengingi ajaran. Ajaran kangge manungsa wonten ing donya menika salah satunggalipun kanthi nggatosaken solah bawa lan tindak tanduk ingkang sae. Gegayutan kaliyan bab menika, piwulang temtu wonten gayutipun kaliyan *moral*.

Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun Darusuprpto, dkk (1990:1) bilih piwulang wonten gayutanipun kaliyan solah bawa ingkang asalipun saking *akhlak* lan budi pekerti manungsa. Pramila ing salebeting piwulang menika ngewrat ajaran sae kangge ngewahi moralipun generasi ing jaman samenika. Miturut KBBI, Nurgiyantoro (2012: 320) ngandharaken bilih *moral* menika piwulang ngengingi sae lan botenipun tumindak ing tiyang wonten ing masarakat. Piwulang *moral* inggih menika nasehat utawi ajaran ngengingi sae lan botenipun tumindak ing tiyang ing masyarakat. Awit saking menika supados bangsa menika nggadhahi *sumber daya manusia* ingkang sae, temtunipun moral ugi dipungatosaken mboten namung *kepribadian* lan *pengetahuan* kemawon.

Piwulang menika saged dipunpirsani saking samubarang tilaranipun para leluhur. Salah satunggaling naskah-naskah Jawi. Ing salebetipun ngewrat maneka warni *informasi*. *Informasi* menika saged awujud *piwulang* saha ajaran-ajaran sanes ingkang nggadhahi paedah tumrap gesangipun tiyang. Piwulang ingkang sae menika kangge nuwuhaken budi pekerti ingkang luhur. Wontenipun piwulang saking para leluhur menika temtu sampun dipunpenggalih lan sampun katindakaken rikala jaman rumiyin. Saengga tumrap generasi jaman samenika kedahipun nglestantunaken. Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih piwulang inggih menika ajaran ngengingi solah bawa saha saha tindak tanduk ingkang sae minangka asiling budi pekerti manungsa. Budi pekerti kadhapuk saking tembung budi saha pakarti. Budi tegesipun akal utawi pikiran utawi nalar, dene pakarti tegesipun pagaweyan utawi padamelan. Budi pekerti tegesipun padamelan ingkang dipunlampahi adhedhasar nalar utawi pikiran.

B. Asthaguna

Salah satunggaling prinsip gesang tiyang Jawi inggih menika piwulang Asthaguna. Tembung Asthaguna kadhapak saking kalih tembung, inggih menika tembung ‘*astha*’ kaliyan tembung ‘*guna*’. Kalih tembung kasebat saking basa *Sansekerta*. Tembung ‘*astha*’ tegesipun wolu, dene tembung ‘*guna*’ tegesipun kapinteran, utawi manfaat (Suroyudo, 1998:18). Asthaguna saged dipuntegesi minangka wolung kapinteran utawi wolung kaginan ingkang wonten gayutanipun kaliyan gesangipun manungsa. Kanthi menika Asthaguna minangka satunggaling piwulang tumrap manungsa kangge nglampahi gesang bebrayan ing madyaning masarakat.

Jumbuh kaliyan pamanggihipun Endraswara (2014: 117) ngandharakaken bilih Asthaguna inggih menika wolung *prinsip* tumrap gesang. Wolung perkawis ingkang dipunugemi minangka *prinsip* gesang ing antawisipun inggih menika : (1) budi saha watak ingkang boten kaukur kanthi *fisik*, (2) setya, (3) ngayahi pakaryan kanthi rampung saha kasil, (4) boten paring melik gadhahanipun liyan, (5) sedaya perkawis kedah mawi petangan, (6) nggadhahi watak momong, (7) waspada, (8) ngakeni kalepatan saha nyuwun pangapunten. Gegayutan kaliyan menika Herusatoto (2008:140) ngadharaken bilih wonten ugi tumindakipun tiyang Jawi ingkang dipunginakaken minangka gegaraning gesang tiyang Jawi inggih menika Asta-Brata (Asta-Brata). Asta-Brata minangka wolung patrap (*delapan macam tindakan*) ingkang kapendhet saking wasiat Cupu Manik Asthagina. Satunggaling buku ingkang sayektosipun minangka gegaran tumrap para Dewa ing pewayangan. Asta-Brata minangka salah satunggaling *simbol* gayut kaliyan

kaluhuran ingkang dipunwujudaken ing salebeting *simbol-simbol* antawisipun wanita, garwa, wisma, turangga, curiga, kukila, waranggana, pradangga.

Andharanipun ing ngandhap menika:

- 1) Wanita utawi wanodya kang puspita, wanita ingkang endah sulistya ing warni minangka *simbol* kaendahan. Kaendahaning wanita boten namung katitik saking njaba kemawon ananging ugi katitik saking endahing jiwa lan budinipun. Bab menika minangka simbol gegayuhaning manungsa. Awit saben tiyang gadhah gegayuhan luhur ingkang dipunpindhakaken kados dene tiyang kakung ingkang ngidham – idhamaken wanita saperlu dipundadosaken garwanipun. Kanthi menika tiyang kasebat kedah ngusada kanthi temen supados saged nggayuh gegayuhanipun kasebat.
- 2) Garwa utawi sigaraning nyawa minangka *simbol* supados manungsa saged nyawiji kaliyan lingkunganipun, sedherek, saha masarakatipun. Sedaya tiyang dipunanggep minangka kanca gesangipun ingkang tansah welas asih satunggal lan sanesipun kados dene kaliyan garwanipun.
- 3) Wisma utawi omah minangka papan kangge ngeyup saking panas saha Jawih. Kejawi menika omah ugi kaginakaken minangka papan nyimpen maneka warna kabetahan. Pramila wisma utawi omah minangka *simbol* supados manungsa saged nampi sinten kemawon ingkang merlokaken, saged nyimpen saha ngatur sedaya perkawisipun.
- 4) Turangga utawi jaran utawi tunggangan. Jarwadhosok saking tetumpakaning prang para punggawa. Jaran gadhah sipat gagah, kuat saha lincah. Saged mlajar kanthi cepet menapa dene alon, manut kaliyan

dhawuhipun ingkang nitih jaran kasebat. Turangga minangka simbol supados manungsa tansah sadar bilih jasmani, panca indra saha hawa napsu manungsa tansah dipuncekel dening panitihipun, inggih menika jiwa lan budinipun manungsa piyambak.

- 5) Curiga utawi keris. Jarwadhosok saking curi lan raga. Watu curi utawi watu ingkang lancip saged paring bebaya tumrap raganing manungsa, utawi saged ugi paring njagi saking bebaya. Pramila keris minangka *simbol* kapinteran saha kaprigelan manungsa anggenipun nanggapi perkawis.
- 6) Kukila utawi perkutut (peksi). Tiyang Jawi umumipun gadhah klengen ngingah peksi prekutut saperlu dipunpirengaken swantenipun ingkang sae. Swanten ingkang sae menika minangka pralambang swantenipun manungsa. Supados saged micara ingkang sae, tansah nebihi tembung–tembung ingkang saged nggepok manahipun tiyang sanes.
- 7) Waranggana utawi dipunsebat ronggeng, utawi wanita ingkang mbeksa ing sawijining acara utawi pagelaran lan ing sakiwa tengenipun dipunkupengi kaliyan tiyang ingkang sami mirsani. Waranggana minangka *simbol* bilih saben gegayuhan luhur tansah sinartan perkawis ingkang paring godha.
- 8) Pradangga, praptaning kendhang lan gangsa utawi swanten gamelan ingkang dipunatur dening kendang lan dipunsarengi gamelan sanesipun. Gamelan kadhapuk saking maneka warna *unsur*. Saben piranti gadhah swanten ingkang beda-beda, satemah menawi dipuntabuh sesarengan tanpa aturan saged nuwuhaken swanten ingkang boten sekeca dipunpirengaken. Ananging menawi dipuntabuh kanthi aturan saged nuwuhaken swanten

ingkang endah lan nengsemaken. Gamelan minangka *simbol* masarakat ingkang gadhah watak saha pamanggih piyambak–piyambak. Ananging menawi masarakat saged ngugemi aturan utawi hukum ingkang sampun gumathok temtu badhe nuwuhaken gesang ingkang tata tentrem kerta raharja.

Andharan ing nginggil nedahaken *simbol-simbol* kaluhuraning tiyang Jawi. Babagan Asthaguna ugi dipunpanggihaken wonten ing salebeting *Serat Linggamaya*. *Serat Linggamaya* minangka pethikan saking Kempalan *Serat Suluk Warni-Warni*. Serat menika kapanggihaken wonten ing Perpustakaan Museum Sonobudoyo kanthi nomor panggil PB A.88. Adhedhasar katrangan saking salebeting naskah, serat kasebat anggitanipun Yasadipura I saking Surakarta. *Serat Linggamaya* wujudipun sekar macapat Sinom cacahipun 8 pada. *Serat Linggamaya* wosipun inggih menika piwulang saking Sang Guru (pandhita) ngengingi ngelmu sampurnaning gesang saking watak Asthaguna. Jumbuh kaliyan namanipun, sipat ingkang becik kasebat cacahipun wonten wolu, wewatek cacah wolu ingkang kaandharaken wonten ing *Serat Linggamaya* inggih menika : sabar, rilan, temen, pasrah, asih, boten panasten, remen pitulung, saha ngapura. Katitik saking sipat – sipat kasebat, *Serat Linggamaya* kalebet serat piwulang. Bab menika jumbuh kaliyan ingkang dipunsebataken wonten ing salebeting serat bilih watak Asthaguna minangka sipat ingkang becik.

Saking andharan ngengingi Asthaguna ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih Asthaguna inggih menika wolung perkawis gayutipun kaliyan kapinteran kangge nggayuh gesang bebrayan ingkang sae lumantar wolung watak. Wolung

watak ing salebeting piwulang Asthaguna inggih menika sabar, rilan, temen, pasrah, asih, boten panasten, remen pitulung, saha ngapura.

C. *Serat Candrarini*

Kados ingkang sampun kita mangertosi bilih *Serat Candrarini* menika minangka satunggaling serat *popular* ingkang ngrembag babagan piwulang tumrap tiyang estri, mliginipun tiyang estri ingkang sampun palakrama. Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Nurhayati (1990:7) ingkang ngandharaken bilih *Serat Candrarini* wosipun katujokaken tumrap para wanita, mliginipun garwa estri ingkang dipunmaru supados saged njagi kawetahaning kulawarga. Awit wanita ingkang palakrama dipunpindhakaken minangka tiyang ingkang samadi, menawi gagal anggenipun njagi kawetahaning kulawarga pramila gagal anggenipun samadi.

Andharan ing nginggil kasengkuyung dening pamanggihipun Geertz (1983 : 143) bilih tumrap tiyang Jawi mliginipun golongan priyayi rumaos lingsem saha badhe asor drajadipun menawi ngantos pegat anggenipun palakrami. Kanthi menika gesang bebrayan kedah dipunuri – uri saha dipunjagi ngantos saged manggihaken gesang ingkang bagya mulya, tebih saking crah.

Serat Candrarini minangka salah satunggaling naskah piwulang. Bab menika ugi dipunandharaken dening Wahjono (2004:57) ingkang ngandharaken asiling panaliten *Serat Candrarini* bilih serat menika minangka jinising serat *etik didaktik* ingkang mendhet paraga–paraga wayang wonten ing pewayangan inggih

menika Wara Sumbadra, Manohara, Ulupi, Gandawati saha Wara Srikandhi, gangsal garwanipun Arjuna minangka patuladhan.

Paraga-paraga estri menika minangka gegambaraning wanodya ing pagelaran ringgit. Jumbuh kaliyan bab menika, Suprpto (2015:16) ngandharaken bilih *Serat Candrarini* kathah ngrembag babagan garwa estri. Ing salebeting *Serat Candrarini* dipunrembag babagan kuwajiban–kuwajiban ingkang kedah dipunmangertosi dening para garwa estri kanthi patitis.

Jumbuh kaliyan irah – irahaning *Serat Candrarini* kadhapuk saking kalih tembung, inggih menika tembung *candra* ingkang tegesipun gegambaran, kaliyan tembung *rini* ingkang tegesipun tiyang estri utawi wanita. Pramila saking kalih tembung menika, *Candrarini* ateges gegambaranipun wanita ingkang utama minangka garwa.

Panyandraning wanita ing *Serat Candrarini* boten namung katitik saking kawontenan fisik, ananging ugi katitik saking watak wantunipun. Kados andharanipun Hartini (2014:45) “*A woman is not only expected to be beautiful outside (on appearance and manner) but also to be beautiful inside or spiritually (caring and loving to other people)*”. Wanita boten namung dipunangkah saged sae wonten ing pasuryanipun, ananging kasaenanipun ugi kedah tuwuh saking salebeting manah saha batinipun, ateges saged nggadhahi raos tresna asih mring tiyang sanes.

Gegambaraning wanita ing *Serat Candrarini* ingkang dipungambaraken utawi dipuncandra wonten kalih perangan. Perangan ingkang kaping setunggal

inggih menika panyandra tumrap kawontenaning badan (*fisik*). Inggang kaping kalih inggih menika panyandra tumrap watak. Wondene inggang dipuncandra inggih menika paraga wayang inggang kadhapak saking gangsal garwanipun Arjuna. Paraga wayang dipunginakaken minangka piranti piwulang tumrap tiyang Jawi amargi wayang minangka gegambaran gesangipun tiyang Jawi.

Panyandra biasanipun dipunginakaken kangge pepindhan. Pepindhan inggang dipunkajengaken inggih menika kangge mindhakaken kawontenan inggang saemper kaliyan kasunyatan. Tumrapipun tiyang Jawi tetembungan kados dene pepindhan asring dipunginakaken kanthi ancas – ancas tartamtu. Biasanipun pepindhan kangge nyandra kawontenaning badan dipunpindhakaken kaliyan sawijining barang utawi kawontenan inggang saemper. Wondene suraosipun inggang endah utawi sae.

Lathi dhamis anggula satemplik, reta kadya kang manggis karengat, kengis dening wiragane, waja amiji timun, rentet rampak ing pucuk kuning, kumilat wor wicara, weh kesar kang ndulu, sarwalus sasolahira, yen amesem iriban arang kaesksi, sinamun angandika (pupuh Dhandhanggula, pada 4)

Andharan ing nginggil nggambaraken kawontenan lathi inggang dipunpindhakaken kaliyan gula sathemplik. Bab menika nedahaken lathi inggang alit – tumrapipun tiyang Jawi lathi inggang sae menika inggang alit – saha manis. Abrit kados dene woh manggis inggang karengat (*karengat : diretakkan*). Katingal sekedhik saking tingkah lakunipun, inggih menika waja inggang dipunpindhakaken kaliyan wiji timun inggang tinata runtut. Ing pucuking waja katingal jene. Katingal kumilat nalika micara. Inggang ndadosaken kesar ing pandulu. Solah bawanipun sarwa alus, menawi mesem kados boten katingal, amargi kasamun kaliyan wicaranipun.

Kejawi panyandra tumrap kawontenaning badan, *Serat Candrarini* ugi ngandharaken panyandra tumrap kawontenan watakipun wanita utama ingkang saged dipundadosaken tuladha. Kados ing ngandhap menika.

Bisa cawis angladeni, kang dadi kareming priya, myang putra cethi sedene, marma wong sa Madukara, ajrih asih sadaya, suyut tur mawa kayungyun, prabawa wijiling tapa. (Pupuh Asmaradana, pada 5)

Ing pupuh Asmaradana ing nginggil ingkang dipuncandra inggih menika Dewi Ulupi. Dewi Ulupi dipuncandra watakipun saged angladeni garwa kanthi sae. Kejawi menika saged ngladosi ingkang dados karemaning priya, para putra miwah baturipun. Kanthi menika dipuntresnani dening sedaya tiyang ing Madukara. Bab menika awit luhur budi minangka trahing pertapa.

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *Serat Candrarini* kejawi nyandra peranganing badan, ugi nyandra watakipun paraga wayang ingkang dipundadosaken minangka piwulang tumrap tiyang estri. Kekalihipun minangka gegambaran wanita utama minangka garwa, ingkang kaangkah saged njagi kawetahaning kulawarga.

D. Pendidikan Karakter

Pendidikan ing jaman samenika wigatos sanget tumrap para generasi bangsa. Pendidikan menika kaperang dados kalih inggih menika pendidikan *formal* kaliyan pendidikan *non formal*. Pendidikan formal menika katindakaken wonten ing pamulangan wondene pendidikan *non formal* menika katindakaken wonten ing dalemipun. Peran guru ing salebeting pendidikan *formal* menika ageng sanget. Amargi kangge mujudaken siswa ingkang sae, ateges unggul ing prestasi saha sae ing unggah-ungguhipun tumrap sesami. Ananging tantangan ing

jaman samenika kathah siswa ingkang sampun nerak saking unggah-ungguh. Sinaosa mumpuni ing bab pengetahuan, nanging babagan unggah-ungguh dhateng guru lan tiyang sepuhipun taksih kirang. Awit saking menika pemerintah tansah nggiyataken bab pendidikan karakter. Supados siswa-siswi menika nggadhahi karakter ingkang sae.

Miturut *Undang-Undang Sistem Pendidikan Nasional No.20 Tahun 2003 pasal 1 butir 1*, pendidikan inggih menika : “*usaha sadar dan terencana untuk mewujudkan suasana belajar dan proses pembelajaran agar peserta didik secara aktif mengembangkan potensi dirinya untuk memiliki kekuatan spiritual keagamaan, pengendalian diri, kepribadian, kecerdasan, akhlak mulia, serta keterampilan yang diperlukan dirinya, masyarakat, bangsa dan Negara.*”

Adhedhasar pangertosan ing nginggil menika nedahaken bilih pendidikan menika salah satunggaling kupiya ingkang sampun karantam kangge mujudaken swasana pamulangan saha proses kangge nuwuhaken *peserta didik* saged ngrembakaken kaprigelanipun ugi nggadhahi sipat *spiritual keagamaan, pengendalian dhiri, kapribaden, kecerdasan, khlak mulia saha ketrampilan* ingkang dipunginakaken samangke ingmasarakat, bangsa lan Negara.

Karakter sacara *etimologis* saking basa Perancis “*Caractere*” tegesipun kapribaden (Istiningsih, 2013: 72). *Karakter* ateges sipat-sipat kajiwan, *akhlak*, utawi budi pekerti ingkang mbedakaken antawisipun tiyang gesang satunggal kaliyan sanesipun, *tabiat*, watak (Kamus Besar Bahasa Indonesia, 2008: 623). Wondene miturut (Darmiyati lumantar Suharjana, 2011: 28) ngandharaken bilih *Karakter* inggih menika satunggaling cara anggenipun *ngolah* manah, anggenipun

nemtokaken *sikap*, saha anggenipun tumindak, ingkang sampun dados titikan satunggaling tiyang ingkang dipuncakaken ing salebeting panggesangan ing masarakat. Saking andharan menika nedahaken bilih karakter menika tansah rumaket ing dhiri pribadhi saben tiyang. Supados saged srawung ing masarakat kanthi sae menika, kita kedah nggadhahi karakter ingkang sae. Komaruddin, (2012: 225) ngandharaken bilih,

The character is identical to the character, so the character of the values of universal human behavior that covers all human activities, both in order to relate with God, with himself, with others, as well as with the environment, which manifests itself in the mind, attitudes, feelings, words, and actions based on religious norms, laws, manners, culture, and customs.

Saking andharan menika nedahaken bilih *karakter* minangka nilai umum ingkang ranahipun bab kegiataning tiyang. Bab menika gayut kaliyan patrapipun tiyang dhateng Gusti ingkang Maha Agung, dhiri pribadi, sesami, saha *lingkungan*. Wujudipun kangge ngolah rasa penggalihan, sikap utawi unggah-ungguh, pangraos, pangandikan, saha solah bawa adhedhasar paugeran agami, *hukum*, tatakrama, budaya, saha *adat istiadat*. Awit saking menika siswa-siswi kedah dipungladhi wiwit saking menika bab *pembentukan karakter peserta didik*. Supados ing tembe saged migunani tumrap sesami.

Setyawati (2017: 348) ngandharaken bilih pendidikan karakter menika perkawis ingkang wigatos ing salebeting mbangun bangsa lan negara ingkang *beradab* lan *bermartabat* ing sangajenging Gusti Inkang Maha Agung, *ranah internasioanal*, saha ing sangajenging tiyang. Anjloging karakter para generasi samenika nuwuhaken raos prihatin. Saben dintenipun *media massa* menika mbiwarakaken pawarta bab kriminal. Bab menika nedahaken bilih *nilai-nilai*

luhur pancasila menika sampun wiwit ical. Awit saking menika perlunipun ngetrapaken nilai-nilai pendidikan karakter tumrap siswa.

Ancas pendidikan karakter ing antawisipun: (1) ngrembakakaken *potensi* manahipun siswa minangka tiyang gesang saha warga negari; (2) ngrembakakaken pakulinan saha tindak-tanduk siswa ingkang sae saha trep kaliyan *nilai-nilai universal* sarta budaya bangsa ingkang trep kaliyan agami; (3) nanemaken jiwa kepemimpinan saha tanggel Jawib siswa minangka *generasi* penerus bangsa; (4) ngrembakakaken kesagedan siswa dados tiyang gesang ingkang mandhiri, ngulir budi, gadhah wawasan kebangsaan; saha (5) ngrembakakaken papan sakiwa tengening panggesangan sekolah minangka papan sinau ingkang tentrem, blaka, kebak *kreatifitas* saha memitran, sarta raos kebangsaan ingkang inggil (Niron et al., 2013: 21). Ancas sanesipun ngandharaken *pendidikan* ancasipun mbiyantu tiyang gesang dados pinter saha dados sae (Lickona, 2013: 6).

Kementerian Pendidikan Nasional tansah ngandharaken bab *pendidikan karakter* minangka *pendidikan nilai*, *pendidikan budi pekerti*, *pendidikan moral*, *pendidikan watak* ingkang ancasipun ngrembakakaken kasagedan siswa anggenipun nemtokaken perkawis ingkang sae saha awon, njagi menapa ingkang sae saha mujudaken kasaenan ing gesang padintenan kanthi raos bingahing manah. Pramila *pendidikan karakter* boten namung mucalaken perkawis ingkang leres menapa dene lepat, ananging ugi nanemaken pakulinan (*habituation*) bab ingkang sae satemah siswa menika mangertos (*domain kognitif*), perkawis ingkang sae lan perkawis ingkang lepat, saged ngraosaken (*domain afektif*), saha

nilai ingkang sae saha kulinten nindakaken (domain psikomotor). Pendidikan karakter ingkang sae kedah nglebetaken boten namung aspek seserepan ingkang sae (moral knowing), nanging ugi ngraosaken kanthi sae utawi loving good (moral feeling), saha patrap ingkang sae (moral action). Pendidikan karakter nengenaken pakulinan ingkang lumintir dipuntrepaken saha dipuntindakaken (Wibawa, 2013: 205).

Ki Hajar Dewantara ngandharaken bilih *karakter* saged kawujud lumantar *keefektifitasan* saking *pendidikan* minangka pirantos kangge mujudaken tiyang gesang ingkang gadhah raos *peka* ing salebeting *identitas*-ipun (Rianawati, 2017:186). *Pendidikan karakter* ing sekolah saged ngrembakakaken kesagedan anggenipun nindakaken *nilai-nilai karakter*. *Nilai-nilai karakter* ingkang dipunrembakakaken ing sekolah menika wonten 18 (wolulus). *Identifikasi nilai-nilai karakter* ingkang dipuntrepaken ing salebeting *proses pendidikan* wonten ing sekolah menika antawisipun:

- 1) Trep kaliyan agami (*religius*), inggih menika sikap saha patrap anggenipun mbangun dhiri adhedhasara kapitadosanipun lan ajaran agami, toleran dhateng leksananing ibadah agami sanesipun, saha gesang guyub rukun kaliyan tiyang ingkang ngrasuk agami sanesipun.
- 2) Blaka (jujur), inggih menika patrap ingkang dhasaipun kupiya ndadosaken piyambakipun minangka tiyang ingkang tansah saged dipunpitados ing salebeting gineman, tumindak, saha padamelan.

- 3) Ngurmati saha ngaosi (*toleransi*), inggih menika *sikap* saha patrap ingkang ngaosi bedanipun suku, agami, etnis, basa lan tindak-tandukipun tiyang sanes ingkang beda kaliyan piyambakipun.
- 4) Trep kaliyan paugeran (*disiplin*), inggih menika solah bawa ingkang nedahaken tumindak tertib saha mbangun miturut dhateng maneka warni paugeran.
- 5) Sengkud (*kerja keras*), inggih menika tindak-tanduk ingkang nedahaken kupiya ingkang saestu anggenipun ngajengi saha ngawekani maneka warni pepalang nalika sinau, jejibahan utawi sanesipun kanthi tumemen saha boten kema.
- 6) Ngulir budi (*kreatif*), inggih menika menggali saha nindakaken satunggaling prakawis kangge ngasilaken cara utawi asil ingkang enggal saking satunggaling prakawis ingkang sampun wonten utawi cumawis.
- 7) Mandhiri (*mandiri*), inggih menika sikap saha tindak-tanduk ingkang boten gampil gumantung dhateng tiyang sanes ing salebeting ngrampungaken jejibahan.
- 8) Dhemokratis (*demokratis*), inggih menika cara anggenipun menggali saha anggenipun tumindak ingkang mbiji sami antawis hak saha kuwajiban piyambakipun saha tiyang sanes.
- 9) Raos kepingin mangretos (*rasa ingin tahu*), *sikap* saha tindak-tanduk ingkang tansah ngupiya kangge mangertosi langkung lebet saha wiyar saking satunggaling perkawis ingkang dipunsinau, dipuntingali, saha dipunmireng.

- 10) Greget makantar dhateng bangsa (*semangat kebangsaan*), inggih menika cara anggenipun menggalih saha anggenipun tumindak ingkang mapanaken kawigatosaning bangsa saha nagari ing sainggiling kawigatosaning pribadi saha golonganipun.
- 11) Tresna dhateng negari (*cinta tanah air*), inggih menika cara anggenipun menggalih saha anggenipun tumindak ingkang nedahaken raos setya ingkang inggil tumrap bangsa saha nagari.
- 12) Ngaosi asiling kupiya (*menghargai prestasi*), inggih menika sikap saha tindak-tanduk ingkang njurung piyambakipun kangge ngasilaken satunggaling bab ingkang migunani tumrap masarakat saha ngakeni sarta ngormati keberhasilan tiyang sanes.
- 13) Memitran/mbangun wawan pirêmbagan (*bersahabat/komunikatif*), inggih menika tindak-tanduk ingkang ningalaken raos bingah ing salebeting gineman, nyambut damel, saha srawung sesarengan kaliyan tiyang sanes.
- 14) Tresna dhateng katentreman (*cinta damai*), inggih menika *sikap* saha patrap gineman utawi solah bawa ingkang damel tiyang sanes rumaos bingah saha tentrem.
- 15) Remen maos (*gemar membaca*), inggih menika adat nglonggaraken wekdal kangge maos maneka warni waosan ingkang paring kabecikan tumrap piyambakipun.
- 16) Perduli dhateng sakiwa tengenipun (*peduli lingkungan*), inggih menika *sikap* saha patrap ingkang tansah ngupiya nyegah risaking *lingkungan* alam ing

sakupengipun, saha ngrêmbakakaken kupiya-kupiya kangge damel sae risaking alam ingkang sampun dumados.

17) Perduli dhateng tiyang sanes (*peduli sosial*), inggih menika *sikap* saha tindak-tanduk ingkang tansah kepingin paring pambiyantu dhateng tiyang sanes saha masarakat ingkang mbetahaken.

18) Tanggel Jawib (*tanggung Jawab*), inggih menika *sikap* saha patrap satunggaling tiyang gesang kangge ngleksanakaken jejibahan saha kuwajiban ingkang kedahipun dipuntindakaken tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (alam, *sosial*, saha budaya), nagari saha Gusti Inggang Maha Agung (Dipunpendhet saha sampun dipunselaraken kanthi basa Jawi saking Kementerian Pendidikan Nasional, 2009: 9-10).

Nilai-nilai pendidikan karakter ingkang dipuntrapaken saha dipunwulangaken menika mbetahaken proses ingkang dangu. Mboten gampang anggenipun saged ngewahi sedaya siswa-siswi wonten ing pamulangan. Awit saben siswa menika nggadhahi karakter ingkang beda-beda saha anggenipun ngecakaken menika temtunipun manggihaken perkaiws tartemtu. Jumbuh kaliyan jurnal anggitanipun Pala (2011: 24)

Everyone wants a child, neighbour, friend or a complete stranger to possess the above characteristics. Yet we know this is not easy to obtain, and once it is obtained, we must acknowledge that the development of children who will possess and act upon ethical sensibilities must begin when they are very young. We want our children to be honest. We want them to respect those different from themselves. We want them to make responsible decisions in their lives. We want them to care about their families, communities and themselves. These things do not happen on their own. It takes all of us, with the support of our schools, to get us there. (vol 3, No 2p 24)

Adhedhasar sedaya pamanggih ing nginggil menika nedahaken bilih pendidikan karakter menika wigatos sanget tumrap para *generasi* ing jaman samenika. Ancasipun samangke generasi menika nggadhahi karakter ingkang sae tumrap dhiri pribadi, lingkungan saha bangsa. Supados para *generasi* menika nggadhahi watak *religius*, tanggel Jawib, tekun, perduli dhateng sesami, jujur, tresna dhateng bangsa lan nagari, *kreatif*, preduli lingkungan. Sedayanipun mbetahaken proses ingkang dangu mboten saged *instan*.

E. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten inggih menika panaiten ngengingi nilai-nilai karakter. Wondene panaliten kasebat sampun nate dipuntindakaken dening Fitriyani Astuti rikala tahun 2018 kanthi irah – irahan Rekonstruksi Nilai-Nilai Karakter wonten ing Naskah Swaraning Asepi. Bedanipun kaliyan panaliten menika katitik saking *nilai karakter*ipun. Panaliten menika ngrembag *nilai karakter* ingkang wonten ing salebeting piwulang Asthaguna.

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika panaliten ingkang migunakaken objek panaliten *Serat Candrarini*. Panaliten ingkang migunakaken objek panaliten *Serat Candrarini* sampun asring kalampahan. Pramila *Serat Candrarini* kalebet salah satunggaling naskah *populer*. Salah satunggalipun inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Parwati Wahjono ing warsa 2004. Irah – irahan panaliten kasebat inggih menika *Sastra Wulang dari Abad XIX : Serat Candrarini suatu Kajian Budaya*. Panaliten kasebat

ngandharaken nilai – nilai filosofis ingkang wonten ing salebeting *Serat Candrarini*.

Panaliten sanesipun inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Indraswari Pikatan (2012) kanthi irah – irahan *Ajaran–ajaran berumah tangga dalam Serat Candrarini karya Ranggawarsita*. Panaliten menika ngrembag tigang perkawis, ing antawisipun inggih menika struktur *Serat Candrarini*, piwulang tumrap tiyang estri ing *Serat Candrarini*, saha piwulang tumrap gesang bebrayan ing salebeting *Serat Candrarini*.